



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Akademi Kreyòl Ayisyen

Rapò Selebrasyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl

Oktòb - Desanm 2019

Avèk Kolaborasyon UNESCO / Bank Repiblik Ayiti

Tèm Selebrasyon an:

« An nou toujou sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti, nan ekriti ! »

18 Desanm 2019



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Plan rapò a

I. Rapò naratif

Entwodiksyon

1- Pwogram aktivite mwa Lang ak Kilti Kreyòl la

- a) Konferans- deba nan lekòl nan vil Kenskòf;
- b) Konferans deba ak Seminè Lekti - Ekriti kreyòl nan Dyaspora a;
- c) Mesaj ofisyèl Akademi Kreyòl Ayisyen an nan dat 28 oktòb 2019 la ;
- d) Entèvansyon Akademi an nan medya yo nan okazyon mwa Lang ak Kilti Kreyòl la.

2- Jounen Pòt Louvri pou komemore 5èm anivèsè Akademi an;

3- Fòmasyon Jounalis an kominikasyon kreyòl nan lokal Direksyon Nasyonal Liv nan kad Festival Entènasyonal Literati kreyòl ;

Konklizyon

II. Rapò Finansye



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



I. Rapò Naratif

Entwodiksyon

Mwa oktòb 2019 la, te yon sèn gwo troublay sosyopolitik nan peyi a. Depi nan mwa septanm, peyi a te pratikman bloke, sa ki lakoz Akademi an pa rive mennen an byen tout seri aktivite li te prevwa fè pou mwa lang ak kilti kreyòl la.

Konsa, Sekretarya Egzekitif Akademi an, avèk sipò UNESCO, pwolonje peryòd selebrasyon an rive jouk desanm 2019 la pandan li modifiye pwogram li yo. Kèk nan aktivite ki te planifye pou mwa oktòb la ap kenbe pou selebrasyon lang matènèl la an fevriye 2020, kèk lòt te anile. Yon nouvo pwogram te nesesè.

Akademi an mete yon nouvo pwogram sou pye selon egzijans peryòd la. Konsa, li rantrè ladann anivèsè enstalasyon premye Akademisyen yo (4 desanm) ak fòmasyon jounalis yo nan pòtoprens (5 desanm) nan kad Festival literati kreyòl la.

Akademi an prepare kèk foto ak yon ti repòtaj pou sit Wèb Akademi an. Dokiman sa yo rete a dispozyon biwo UNESCO an Ayiti, selon tèm kontra ant de (2) enstitisyon yo.

Paj sa yo bay detay sou divès aktivite yo.

1. Pwogram aktivite mwa lang ak Kilti Kreyòl la

a) **Konferans nan plizyè lekòl ki nan vil kenskòf ak Akademisyen Pauris Jean Baptiste nan klas tèminal yo, nan kad pwomosyon lang ak kilti kreyòl selon misyon Akademi Kreyòl Ayisyen an.**

- Lendi 14 oktòb 2019 / Collège Mission Baptiste (Fèmat) / 254 patisipan;
- Mèkredi 16 oktòb 2019 / Institution Mixte James Monroe (Fèmat) / 187 patisipan ;
- Lendi 21 oktòb 2019 / Ecole Baptiste Conservatrice de Kenscoff / 281 patisipan ;
- Vandredi 25 oktòb 2019 / Institution Evangélique La Vigne / 81 patisipan.



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Sijè yo te trete yo:

- Enpòtans lang ak Kilti Kreyòl la an Ayiti pou yon devlopman dirab;
- Plas lang kreyòl la nan karayib la, nan Amerik Nò ak nan Oseyan Endyen an ;
- Prezans lang kreyòl la nan zafè Nasyon;
- Dat ki gen rapò ak kesyon lengwistik an Ayiti:
 - 1) 21 fevriye : Jounen Entènasyonal Lang Matènèl ;
 - 2) 28 oktòb: Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl;
 - 3) 4 desanm 2014: Enstalasyon ofisyèl tranntwa (33) premye Akademisyen Kreyòl Ayisyen an.

b) Konferan deba ak Seminè Lekti – Ekriti Kreyòl nan Dyaspora avèk Akademisyen Monseyè Pierre-André PIERRE, Gérard Marie TARDIEU, Serge BELLEGARDE.

- 5 , 6 oktòb 2019 nan Miami, West Palm Beach ;
- 11, 12 oktòb nan New- York, Paroisse Saint Jérôme, Brooklyn ;
- 26 , 27 oktòb 2019 nan Washington, Montgomery Collège.

c) 28 oktòb 2019 : Mesaj ofisyèl Akademi Kreyòl Ayisyen an nan okazyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl la.

« An nou toujou sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti, nan ekriti ! Se ak tèm sa a Akademisyen yo te selebre lang kreyòl la pandan mwa oktòb la rive jouk mwa desanm 2019 la.

Nan diskou li a, Prezidan Konsèy Administrasyon Akademi an , Monseyè Pierre André-Pierre, sètifye Akademi an gen volonte pou li travay pou kreyòl la okipe yon pi gwo plas nan lekòl yo, nan inivèsite yo, nan administrasyon piblik ak prive.

d) Entèvansyon Akademi an nan medya yo nan okazyon mwa lang ak Kilti Kreyòl la sou tèm :

« An nou toujou sèvi ak lang kreyòl nou nan pale, nan lekti, nan ekriti ! »



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



Medya	Dat	Emisyon	Sijè	Entèvenan
La voix de l'Amérique	27 oktòb		Wòl ak Misyon Akdemi an Kreyòl Ayisyen an	Monseyè Pierre André Pierre
TOP Haiti 104.7	Samdi 2 novanm	Mag Haiti	Ki sa lang ak kilti krreyòl la ye ? Nan okazyon Jounen Entènasyonal Lang ak Kilti Kreyòl la	Guy Gérald MÉNARD
Radio Kiskeya 88.5 FM	Vandredi 25 oktòb 2019 , 9è nan maten	Koze dwa moun (POHDH) /	Wòl lang kreyòl la nan konba pou demokrasi an Ayiti.	Guy Gérald MÉNARD
Alter Radio 106.1 FM	Dimanch 27 oktòb 2019 nan 11è nan aswè	"Eko sosyal"	Batay ki te gentan fèt pou li mete kreyòl Ayisyen an nan pozisyon li ye kounye a ak Enpòtans Akademi Kreyòl Ayisyen.	Guy Gérald MÉNARD

2.- 4 Desanm 2019 : Jounen Pòt Louvri nan biwo Akademi an

Pou AKA make 5^{em} anivèsè enstalasyon 33 premye Akademisyen yo, Sekretarya Egzekitif la louvri pòt Akademi Kreyòl Ayisyen bay gran piblik la, mèkredi 4 Desanm 2019. Nan okazyon sa a, AKA te bay yon konferans pou Laprès nan objektif sa yo :

- Renouvle volonte Akademi an gen pou li travay pou kreyòl la okipe yon pi gwo plas nan lekòl yo, nan inivèsite yo, nan administrasyon piblik ak prive;
- Montre pwojè li genyen ki nan kouti (Yon dezyèm rezolisyon sou òtograf la, Piblikasyon premye diksyonè jiridik an kreyòl, Piblikasyon Gran diksyonè kreyòl, Gran pri literè pou zèv kreyòl...);
- Prezante bilan 5 premye ane Akademi an (2014 -2019)

Pandan jounen sa a, Akademi an te òganize ekspozisyon liv kreyòl epi ekspoze plizyè afich ak postè :

- Foto Akademisyen yo (2014 -2019)



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



- Dat ki enpòtan pou Akademi an ;
- Enfòmasyon nou dwe konnen sou Akademi an;

Nan okazyon sa a, Sekretarya Egzekitif la distribiye divès kalite dokiman bay patisipan yo :

- Bilten Enfòmasyon # 6 Akademi an;
- Depliyen sou orijin ak misyon Akademi an ;
- Rezime senk premye ane Akademi an (2014-2019);
- Premye rezolasyon Akademi an sou òtograf Lang Kreyòl Ayisyen an.

Pami patisipan yo te gen Akademisyen, jounalis, Reprezantan UNESCO, Direktè lekòl, Etidyan, Elèv ...
Yo te anviwon 60 patisipan.

Aktivite yo te fini bò 1è nan apremidi ak yon rafrichisman.

2. Fòmasyon Jounalis yo nan lokal Direksyon Nasyonal Liv (DNL)

Nan dat jedi 5 desanm 2019 la, soti 9è nan maten pou rive 3è nan apremidi, te gen yon atelye fòmasyon nan Direksyon Nasyonal Liv (DNL) pou tout jounalis nan Pòtoprens sou ***Kominikasyon Sosyal ak Kominikasyon Kreyòl***. Atelye sa a rantre nan pwogram selebrasyon mwa oktòb 2019 la ki vize pwomosyon ak valorizasyon lang ak kilti kreyòl la.

Akademi an te òganize atelye sa a an patenarya avèk Komite « Festival Literati Kreyòl » la. Te gen de (2) Akademisyen ki te anime atelye sa a : Pierre Michel CHERY et Wilner DORLUS. Jounalis yo te anviwon 30. Aprè seyans fòmasyon an tout patisipan yo te manje ansanm ak Fòmasyon yo. Se Prezidan Akademi, Monseyè Pierre-André PIERRE ki te louvri atelye a nan non Akademi an.

Konklizyon

Malgre gwo troup sosyo politik nan peyi a, Akademi Kreyòl Ayisyen an te rive òganize kèk nan aktivite pou selebrasyon Lang ak Kilti Kreyòl la. Selebrasyon an te vin pwolonje jiska mwa desanm 2019. AKA



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



pwofite remèsye tout patnè li yo espesyalman UNESCO ki toujou pote sipò li nan okazyon sa yo ak Bank Repiblik Ayiti ki ane sa a, pote sipò li bay AKA nan kad vwayaj Akademisyen yo nan peyi etranje. Konsa, Akademi an rive sansibilize manm òganizasyon sosyete sivil yo la ak manm Dyaspora a sou kesyon sosyolengwistik ak amenajman lengwistik nan sektè edikatif ayisyen an.

II. Rapò Finansye

Selebrasyon mwa lang ak kilti kreyòl la

II.1.- Sibvansyon UNESCO, \$2,000.00 US, Oktòb - Desanm 2019

Rezime depans yo

Dat # ck	Founisè	Sèvis	Montan an \$ US	Montan an goud
11 Des.19 Ck# 102	Imprimerie La Fayette 12 /09/ 2019 14 /11/ 2019	1-Enpresyon dokiman « Preme Rezolisyon sou òtograf kreyòl » pou distribisyon pandan mwa oktòb la. (Piblikasyon AKA, jenn 2017) 2- Enpresyon dokiman bilan 5 premye ane Akademi an pou distribisyon nan aktivite 4 des.	175.82 + 120.87 = 296.69	16,000g + 11,000g
11 Des.19 Ck # 100	Joel Casimir 30 /11/ 2019 30 /11/ 2019	1- Pou ranbousman Fancy Patisserie Gato pour fèt Akademisyen yo. 2- Pou ranbousman Maison Handal, Petyonvil Materyèl dekorasyon pou biwo Akademi an 4 des 2019.	114.28 + 12.89 = 127.17	10,400g + 1,166.51
20 Nov.19 Ck # 98	Odile Damour La note bleue 19/11/2019	Resepsyon pou envite ak jounalis nan « Jounen pòt louvri » a 4 desanm 2019, jou anivèsè AKA (Preme vèsman \$400 sou 750 / Balans \$350.00)	400.00	
12 Des.19 Ck # 103	Odile Damour La note bleue 19/11/2019	Resepsyon pou envite ak jounalis nan « Jounen pòt louvri » 4 desanm 2019, jou anivèsè enstalasyon Akademisyen yo (Pèman balans sou fakti)	350.00	
11 Des.19 Ck # 101	Fany Villa 21 nov. 2019	Restorasyon nan kad Fòmasyon nan pòtoprens 5 desanm 2019	435.00	
24 Okt. 19 Ck 99	HPS	2 Banè pou mwa lang ak Kilti kreyòl la	240.00	
Des. 2018 Nov. 2019	SOGE BANK	Frè pou labank pou mwa desanm desanm 2018 à Novanm 2019 (13 x 12 = 156)	156.00	
	TOTAL des dépenses	(to chanj : 91g)	2,004.86	
		Montan ki depanse sou kont prive AKA	4.86	



AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)



II.2.- Sibvansyon Bank Repiblik Ayiti (BRH) / 300,000goud

BRH te bay AKA yon sibvansyon **300, 000.00 goud** pou ranbouse tikè avyon vwayaj Akademisyen ki te al anime seminè lekti-ekriti kreyòl nan peyi Etazini. Se Akademisyen PA Pierre ak Akademisyen GM Tardieu ki te asire animasyon seminè yo.

Sekretarya Egzekitif la ap chache rantre resi tikè avyon yo pou Sèvis kontablite AKA.